



▶ SEARCH

Akèy

Osijè DOT

Chofè

Feri ak Bis yo

Moun sou Bisiklèt

Pyeton ak Twotwa

Pon

Pano, Limyè sikilasyon
ak Poto Limyè

Pwogram Sekirite

Pèmi/Franchiz

Kesyon yo poze souvan

Plan sit la

Kontakte DOT

Lèt Lyen Transpò ▼

Pèmi pou Ferry Staten Island

Enstriksyon sou Demann Pèmi Montaj Film/Fotografi

Pèmi an pèmèt yon itilizasyon limite nan espas ferry maritim yo nan yon orè regilye ak nan Ga Ferry St. George ak Whitehall pou foto ak montaj film. An konfòmite ak Règ Vil New York, tit 34, atik 1-03, pèsòn p ap kapab pran foto nan objektif komèsyal; fè film; itilize kamera televizyon epi fè l fonksyone, itilize materyèl transmisyon televizyèl oswa telekòmman radyo, oswa chajman oswa dechajman pou espektak nan sal nan ga yo oswa nan ferry san divizyon ga Depatman Transpò Vil New York la pa bay yon pèmi pou sa.

Jeneralman, yo pa bay pèmi nan lè kote ki gen plis moun yo (lendi a vandredi, 6:00am a 9:30am ak 4:30pm a 7:00pm) Frè pèmi an se \$100.00 pa è d tan. Kondisyon/restriksyon sa yo enplike:

1. Aksè limite a zòn piblik bato ak ga sof si Direktè Ekspwatasyon Ferry Staten Island bay yon otorizasyon kontrè. Yo p ap bay okenn aksè pou zòn ki sou entèdiksyon yo.
2. Ekip la ak distribisyon wòl la pa dwe depase yon total douz (12) moun.
3. Yo pa otorize branchman elektrik.
4. Yo otorize ekipman ou ka pote (a men) sèlman. Yo pa otorize trepye.
5. Pa dwe gen entèferans ak sikilasyon pasaje yo nan ga maritim oswa bato yo.
6. Yo pa dwe bloke tounikè, eskalye woulan, pòt oswa pasrèl bò ranp ki bay aksè nan ferry yo.
7. Pakou ferry a p ap modifiye pou fè montaj film.
8. Yo pa dwe kole okenn afich, bandwòl oswa pwospektis sou sifas nan ga oswa ferry maritim yo. Yo p ap otorize tab, estrikti oswa chevalè.
9. Yo p ap bay okenn lojman pou depo materyèl ak/oswa ekipman moun ki gen pèmi an.
10. Yo dwe bay manm ekip la ak pèsònèl ga a tout koperasyon.
11. Ou dwe mache ak pèmi an tout tan epi prezante lè yo mande w fè sa.
12. DOT rezève l dwa pou revoke pèmi sa a nenpòt lè Direktè Ekspwatasyon Staten Island Ferry decide sa.
13. Ou dwe gen yon pèmi Divizyon Ferry Depatman Transpò Vil New York epi ou dwe gen yon pèmi apa Biwo Medya ak Divètisman Mè (MOME) a tou; yo bezwen toude nan ka kote yo mande yon pèmi MOME apati règ MOME yo.
14. Yo kapab entèdi montaj film/foto si nenpòt nan kondisyon pi wo yo pa respekte.
15. Y ap kapab akòde demann pèmi sèl pou lokal, dat, ak lè espesifik ki fè objè demann nan (sa vle di yo p ap bay pèmi ak dat altènatif oswa nan "dat peryòd lapli"). Si yo itilize yon pèmi nan lokal, dat ak lè yo te prevwa o kòmansman an, moun sa a ap pèdi pèmi an. Si aplikan yo gen enkyetid sou tan an oswa yo sispèk plan yo kapab chanje, yo kapab fè demann pèmi ak pèman asosye nan plizyè dat. Yo kapab bay aplikan yo pèmi aprè a kondisyon yo respekte tout kondisyon yo bay pi wo yo.
16. Yo pa ranbouse tout frè pèmi epi tout pèman definitif.

DOKIMAN NESESÈ:

DOKIMAN NESESÈ:

- PÈMAN – Fòm pèman ki akseptab se chèk bankè ki sètifye oswa manda bankè. Tanpri adrese chèk la a Depatman Transpò Vil New York, ak yon montan \$100 pa èdtan montaj (nou pa takse demi è d tan). Yo dwe resevwa pèman an omwen twa (3) jou biwo avan dat otorizasyon yo mande a; yo p ap fè okenn eksepsyon. Li rekòmande pou w voye pèman an pa mwayen ki idantifyab.

Tanpri voye tout pèman bay Janine Sharif, 1 Ferry Terminal Drive, Staten Island, NY 10301.


- SÈTIFIKA ASIRANS – Fòk asirans lan pa ekspire. "Vil New York" dwe parèt nan lis Asire Adisyonèl yo epi yo dwe nonmen l nan seksyon Antite ki gen Sètifika. Ou kapab itilize adrès sa a: 1 Ferry Terminal Drive, Staten Island, NY 10301. Yo bay plis kondisyon konsènan asirans nan seksyon Telechajman Dokiman paj sa a pi ba a.

- FÒM EGZANPSYON – Ou dwe siyen l EPI notarye l avan w fè demann pou yon pèmi.

[Tanpri klike la a pou Fòm Dechaj Film](#)

Tanpri remake: yo p ap konsidere demann enkonplè.

Si w gen kesyon oswa w bezwen èd, tanpri kontakte Ferrypermitrequest@dot.nyc.gov. Yon moun ap reponn nan 24 - 48 è.

Enfòmasyon sou Kliyan	
Non Antrepriz la:	<input type="text"/>
Adrès Ri:	<input type="text"/>
Vil:	<input type="text"/>
Eta:	<input type="text"/>
Kòd Postal:	<input type="text"/>
Non Kontak la:	<input type="text"/>
Siyati Kontak la:	<input type="text"/>
Nimewo Telefòn:	<input type="text"/> (egz. 212-555-5555)
Adrès Imèl:	<input type="text"/> (egz. john@doe.com)
Tit Kontak la:	<input type="text"/>
Deskripsyon Demann nan:	<input type="text"/>
Enfòmasyon sou Pèmi	
Enstriksyon: Chwazi Lokal pou Pèmi La a	
Local:	<input type="text" value="Chwazi..."/>
Dat:	<input type="text"/> 
Lè li Kòmanse:	<input type="text" value="1"/> <input type="text" value="00"/> <input type="text" value="am"/>
Lè li Fini:	<input type="text" value="1"/> <input type="text" value="00"/> <input type="text" value="am"/>
Tanpri klike isit la pou w ajoute anplasman, dat ak lè	
Enfòmasyon Klè sou Pèmi	
Pri Final	
\$0.00	
Telechaje Dokiman	
Asirans Responsablite Sivil Komèsyal ki ofri yon kouvèti omwen ki laj menm jan ak sa edisyon ki pi resan Fòm ISO CG 0001 prevwa a (minimòm \$1,000,000 limit senp konbine pou chak evènman) epi ki pote non "Vil New York" Asire Adisyonèlman <input type="text" value="Chwazi Fichye"/> Ou pa chwazi okenn fichye ak pwoteksyon omwen ki laj menm jan ak sa edisyon ki pi resan Fòm ISO CG 2026 (04/13) ak 2037 (04/13).	

Fòm Dechaj

Ou pa chwazi okenn fichye.